

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

Ieu bab medar ngeunaan kacindekan jeung saran tina hasil panalungtikan anu judulna ‘Kecap Pagawéan Rundayan dina Novel *Babalik Pikir* Karangan Samsodi pikeun Bahan Pangajaran Basa Sunda di SMP’. Pedaran dina bab ieu dicindekkeun tina hasil panalungtikan ngeunaan kecap pagawéan nu aya dina novel *Babalik Pikir* karangan Samsodi anu ditalungtik tina jihad wangun, wanda, jeung harti tuluy dijadikeun bahan pangajaran kecap pagawéan rundayan pikeun bahan pangajaran basa Sunda di SMP.

#### 5.1 Kacindekan

Anu jadi garapan dina ieu panalungtikan nya éta sakabéh kecap pagawéan rundayan nu aya dina novel *Babalik Pikir* karangan Samsodi. Kecap pagawéan rundayan nya éta kecap pagawéan anu diwangun ku cara ngawuwuhkeun rarangkén kana wangun dasarna. Sangkan bisa ngalancarkeun ieu panalungtikan, dipaké métode déskriptif, sarta téhnik ulikan pustaka. Sumber data dina ieu panalungtikan nya éta novel *Babalik Pikir* karangan Samsodi wedalan Balé Pustaka taun 1932, kalawan jumlah kacana aya 72 kaca.

Dumasar hasil analisis jeung déskripsi data dina bab IV, kapanggih aya 347 kecap pagawéan rundayan, kalawan frékuénsi makéna aya 631 kali, nu dianalisis dumasar wangun, wanda, jeung harti tuluy dijadikeun bahan pangajaran

kecap pagawéan rundayan pikeun bahan pangajaran basa Sunda di SMP. Hasil analisisna bisa dicindekeun saperti ieu di handap.

1. Tina 347 kecap pagawéan rundayan nu aya dina sumber data, kapanggih 24 rarangkén kecapna nya éta (a) 8 rupa rarangkén hareup (54,75%) nu ngawengku rarangkén hareup *barang-* (4,21%), *di-* (31,05%), *ka-* (3,68%), *N-* (55,26%), *pa-* (0,53%), *silih-* (3,16%), *ti-* (0,53%), jeung *ting-* (1,58%); (b) 2 rupa rarangkén tengah (4,32%) nu ngawengku rarangkén tengah *-ar-* (93,33%), jeung *-um-* (6,67%); (c) 2 rupa rarangkén tukang (3,46%) nu ngawengku rarangkén tukang *-an* (41,67%), jeung *-keun* (58,33%); (d) sarupa rarangkén barung (0,58%) nya éta rarangkén barung *ka-* *-an* (100%); jeung (e) 11 rupa rarangkén gabung (36,89%) nu ngawengku rarangkén gabung *di-* + *-an* (13,28%), *di-* + *-ar-* (2,34%), *di-* + *-ar-* + *-an* (1,56%), *di-* + *-keun* (23,44%), *ka-* + *-keun* (0,78%), *N-* + *-an* (30,47%), *N-* + *-ar-* (4,69%), *N-* + *-ar-* + *-an* (1,56%), *N-* + *-ar-* + *-keun* (0,78%), *N-* + *-keun* (17,97%), jeung *ting-* + *-ar-* (3,13%).
2. Tina hasil analisis data kapanggih aya 5 rupa wanda kecap pagawéan nu aya dina novel *Babalik Pikir* karangan Samsodi, nya éta (1) wanda kecap pagawéan dinamis kalakuan migawé (59,94%), (2) wanda kecap pagawéan dinamis kalakuan dipigawé (31,41%), (3) wanda kecap pagawéan dinamis prosés (0,58%), (4) wanda kecap pagawéan dinamis kalakuan silihbales (1,73%), jeung (5) wanda kecap pagawéan statif miindra (6,34%).
3. Harti kecap pagawéan rundayan nu kapanggih miboga harti diantarana (a) ngalakukeun pagawéan anu teu tangtu atawa teu puguh objékna (2,30%), (b)

kakeunaan pagawéan (22,48%), (c) ngalakukeun pagawéan (40,63%), (d) sababaraha kali ngalakukeun (8,64%), (e) bisa di-... (2,88%), (f) sangkan di-... (3,17%), (g) nuju ka-... (0,29%), (h) pabales-bales (1,73%), (i) ngalakukeun jama/loba palakuna (7,78%), (j) jama kakeunaan pagawéan (0,58%), (k) kalakuan dihaja (8,64%), (l) kalakuan dihaja tur loba palakuna (0,29%), jeung (m) kakeunaan kalakuan teu dihaja di- -keun (0,58%).

4. Bahan pangajaran ngeunaan kecap pagawéan rundayan bisa diajarkeun di SMP kelas IX, kalawan bahan nu diajarkeunana nya éta wangun, wanda, jeung harti kecap pagawéan rundayan. Pikeun conto bahan pangajaran kecap pagawéan rundayan di SMP, bisa dicutat wacana tina novel *Babalik Pikir* karangan Samsodi.

## 5.2 Saran

Saréngséna nalungtik kecap pagawéan rundayan nu aya dina novel *Babalik Pikir* karangan Samsodi, aya sababaraha saran nu hayang ditepikeun.

1. Ieu panalungtikan téh kakara medar ngeunaan kecap pagawéan rundayan tina jihad wangun, wanda, jeung harti tina novel *Babalik Pikir* karangan Samsodi. Pikeun kamekaran basa dipiharep aya deui nu nalungtik kecap pagawéan rundayan tina jihad nu leuwih lega atawa nu leuwih heureut tapi leuwih jero. Sabab ieu panalungtikan karék nepi ka deskripsi wangun, wanda, jeung harti kecap pagawéan rundayan wungkul.
2. Ieu hasil panalungtikan téh bisa dijadikeun référénsi atawa acuan pikeun nepikeun bahan pangajaran kecap pagawéan rundayan di sakola, hususna

tingkat SMP. Sabab kapanggih dina novel *Babalik Pikir* loba kecap pagawéan rundayanana.

3. Perlu panalungtikan nu leuwih jembar perkara kecap pagawén rundayan dina ragam basa lisan jeung karya tulis nonfiksi, sabab nu medar ieu téh can loba. Sangkan leuwih euyeub perlu ayana panalungtikan nu séjénna.

